



BENEFITS

GID ENFÒMASYON SOU AVANTAJ YO

2026 / 2027

POU PATNÈ KI PEYE CHAK SEMÈN





BENEFITS

GID ENFÒMASYON SOU AVANTAJ YO

2026 / 2027

ELIJBILITE AK ENSKRIPSYON	03
AVANTAJ ANPLIS	06
MEDIKAL	07
KONT EPAY SANTE (HSA)	11
KONT DEPANS FLEKSIB (FSA)	12
SWEN DAN	13
SWEN JE	15
AVANTAJ KONPAYI BAY	16
ASIRANS VI AK ASIRANS ANDIKAP	17
PWOTEKSYON VOLONTÈ	18
OPSYON RETRÈT	23
PWOGAM ÈD POU ANPLWAYE (EAP)	24
ANYÈ AK RESOUS	25

Tout dwa rezève. Yo pa ka repwodui ni transmèt okenn pati nan dokiman sa a sou okenn fòm ni pa okenn mwayen, elektwonik, mekanik, fotokopi, anrejistreman, oswa yon lòt mwayen, san pèmisyon alekri alavans Marsh McLennan Insurance Agency LLC.

Tarif pou avantaj sa yo ka chanje sou baz enskripsyon definitif ak/oswa egzijans souskripsyon asirans definitif. Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Li pa bay ni pwoteksyon ni konsèy medikal. Li sèlman bay yon ti apèsi sou avantaj plan an oswa pwogram nan epi li pa yon kontra. Gade nan dokiman plan an (Lis Avantaj yo, Sètifikasyon Pwoteksyon, Akò Kolektif, Sètifikasyon Asirans Kolektif, Tèlè, Tèlè-sètifikasyon, Kontra Asirans Kolektif) pou detèmine dispozisyon kontraktiyèl ki aplikab yo, tankou pwosedi, eksklizyon ak limit ki gen pou wè ak plan w lan. Tout tèm ak kondisyon ki nan plan oswa pwogram ou an gendwa pliyè anba lwa, règleman ak politik ki an vigè yo. Sizoka ta gen yon konfli ant dokiman plan ou an ak enfòmasyon sa yo, dokiman plan ou yo ap toujou prime.

Gid Enfòmasyon sou Avantaj sa a se yon zouti konplè yo kreye pou pèmèt ou familiarize w avèk plan ak pwogram ou menm ak fanmi ou kapab enskri ladan yo pandan ane plan an. Li vrèman enpòtan jounen jodi a pou w an mezi pou w itilize plan sante w yo byen fasil. Sa poutèt sa, plan nou yo bon mache pou pèmèt ou ale kay doktè, jwenn preskripsyon pou medikaman ak randevou vityèl. Si ou genyen kesyon konsènan avantaj ou yo, kontakte Depatman Avantaj la nan **(949) 453-4498** oswa **benefits@bootbarn.com**. Tanpri vizite sit entènèt benefis yo nan **bootbarnbenefits.com** pou plis enfòmasyon sou plan an.



ELIJIBLITE AK ENSKRIPSYON

KIYÈS KI KAPAB ENSKRI?

Si ou se yon patnè ki travay pou pi piti 30 èdtan pa semèn epi peryòd ou pase ap tann avantaj la fini, ou elijib pou w patisipe nan pwogram avantaj la. Epitou, patnè ki elijib yo ka chwazi enskri fanmi yo, tankou yon mari oswa madanm/yon patnè yo plase nan kay ak li epi ki anrejistre (jan lwa Eta a ak lwa lokal yo defini li, epi nan dokiman nou rele li “patnè ki plase nan kay epi ki anrejistre”) ak/oswa timoun ki elijib ki gen jiska 26 lane.

Yon patnè gendwa pa an mezi pou li peye ak/oswa resevwa kontribisyon pa anplwayè a anvan taks pou avantaj patnè li ki anrejistre nan Eta a si patnè sa a pa reponn ak definisyon pou moun ki depannde taks patnè li selon Seksyon 152 nan IRC.

KILÈ PWOTEKSYON AN KÒMANSE?

Chwa ou fè pandan Peryòd Enskripsyon Lib la ap an vigè 1ye oktòb 2026.

Klike oswa Scan kòd QR la pou aprann plis bagay sou enskripsyon ouvè a

KIJAN POU MWEN ENSKRI?

ADP Lyric rann zafè enskripsyon an fasil! Ou ap bezwen non itilizatè ak modpas ou te kreye pandan nouvo pwosesis rekritman an pou w ka antre nan pòtay enskripsyon pou avantaj la.



Suiv etap sa yo pou w ka enskri:

1. Ale sou lyric.adp.com
2. Depi ou fin konekte nan sistèm nan, pase souri a sou inisyal ou yo nan kwen dwat anlè ekran w lan, chwazi “Your Profile”, “Benefits” epi “ADP Benefits Dashboard”
3. Chwazi bouton “New Hire Enrollment” a

Pou w jwenn enstriksyon etap pa etap sou fason pou w enskri, ale sou:

bootbarnbenefits.com/how-to-enroll-in-adp

YON TI KONSÈY: Si ou pa respekte dat limit pou enskripsyon an, ou gendwa pa ka enskri nan yon plan avantaj sof si gen gwo chanjman ki fèt nan sitiyasyon ou pandan ane plan an. Tanpri gade detay konsènan gwo chanjman IRS defini nan paj 4 ki nan gid avantaj la.



ELIJIBLITE AK ENSKRIPSYON

KISA K AP PASE SI BEZWEN MWEN YO CHANJE PANDAN ANE A?

Ou kapab sèlman fè chanjman nan avantaj ou yo an deyò peryòd enskripsyon lib la si gen yon gwo chanjman ki fèt nan sitiyasyon ou jan IRS defini li an. Jeneralman, ou ka ajoute oswa retire moun ki sou kont ou nan avantaj ou yo, menm jan ou ka ajoute, abandone, oswa chanje pwoteksyon si ou fè demann chanjman w lan nan espas 30 jou apre gwo evènman an.

Klike oswa eskane kòd QR la pou w aprann plis sou kilè ou ka fè chanjman nan avantaj ou yo

Men kèk egzanp chanjman sitiyasyon:

- Maryaj, divòs oswa separasyon legal
- Nesans oswa adopsyon yon timoun
- Lanmò yon moun ki sou kont ou
- Lè ou menm oswa mari oswa madanm ou/patnè ki plase nan kay avèk ou a kòmanse oswa sispann benefisye pwoteksyon òganizasyon nou an oswa yon lòt anplwayè

Si ou pa elijib ankò pou Medicaid, Medicare oswa pwogram asirans sante Eta yo oswa ou pa enskri nan pwogram sa yo ankò pandan ane a, fòk ou mande fè chanjman nan espas 60 jou. Pou w jwenn yon eksplikasyon konplè pou gwo chanjman nan sitiyasyon an, tanpri al gade ribrik “Enfòmasyon Jiridik Konsènan Plan Ou Yo” ki nan fen gid sa a.

OU GEN KESYON SOU AVANTAJ YO?

Pou tout Plan Boot Barn yo, Defansè Manm yo disponib pou bay kout men. Soti nan rezoud pwoblèm faktirasyon rive nan chèche konnen ti detay sou pwoteksyon avantaj ou yo, ekspè yo genyen yo kapab ba ou sa ou bezwen an.

Men ki èd Defansè Manm yo bay:

- Yo ede ou konprann avantaj plan w lan bay
- Yo ede ou navige nan Pötay Collective Health la
- Yo ede w reponn kesyon sou reklamasyon, faktirasyon ak avantaj
- Yo ede w jwenn pwofesyonèl swen sante ki nan rezo yo
- Yo ede w fè nenpòt bagay ki kapab rann pwosesis swen sante pi fasil pou ou

Rele nan (855) 672-2692 oswa ale sou join.collectivehealth.com/bootbarn

GWO CHANJMAN NAN LAVI

PÈDI KOUVÈT

FÈ 26 ANS / PA YON
DEPANDAN ANNKO

DEPLAJE

ADOPTÉ YON TIMOUN

GEN YON BEBE

MARYE OSWA DIVÒS



ANTHEM LIVEHEALTH ONLINE

Gras ak Anthem LiveHealth Online, ou kapab antre an kontak avèk pi bon doktè yo pou geri anpil maladi ki pa twò grav sou entènèt oswa nan telefòn. Yo disponib anpèmanans, chak jou nan ane a epi yo trete maladi tankou grip, enfeksyon sinis, gratèl, gòj fè mal, elatriye. Vizit vityèl sa yo pèmèt ou pa ale nan sal ijans yo ak sant swen ijan yo epi yo pèmèt ou renouvle medikaman preskripsyon ou yo pou w ka retounen sou depye militè ou byen vit.

Ou kapab itilize Anthem LiveHealth Online kounye a tou pou vizit Byennèt Anyèl ou ak Swen Prensipal Vityèl ou. Vizit sa yo fèt ak founisè swen prensipal ki ka ede ak tès depistaj prevantif, pwoblèm sante kwonik, ak referans pou travay laboratwa ak espesyalis. Yo disponib tou pou swen swivi. Vizit byennèt anyèl yo se yon pati enpòtan nan kenbe bon sante ak anpeche pwoblèm sante potansyèl yo.

Yo ofri sèvis telesante atravè Anthem Blue Cross LiveHealth Online. Manm PPO Classic, PPO Smart Saver ak PPO Platinum Saver yo resevwa sèvis la gratis epi franchiz la pa aplike! Krete kont ou jodi a lè w rele **(888) 548-3432** oswa telechaje aplikasyon an.

Mete sou sa, ou kapab itilize Liy Enfimyè Anthem nan ki disponib anpèmanans gratis lè ou pa kapab jwenn pwofesyonèl swen prensipal ou an. Yo kapab evalye sentòm ou yo, detèmine kilè ou ta dwe chèche swen, epi ede w jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki toupre ou. Epitou, yo kapab reponn kesyon sou medikaman preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon ou yo, eta sante ou oswa eta sante pitit ou a, vaksinasyon, ak fason pou soulaje malèz tankou tèt fè mal, zòrèy fè mal, oswa alèji.

Ou kapab rele Liy Enfimyè ki fonksyone anpèmanans lan nan **(800) 700-9186**.

Telechaje aplikasyon an pou w pale ak yon doktè pandan inèdtan nan telefòn oswa apèl videyo.

1. TELECHAJE APLIKASYON AN

Chèche **“LiveHealth Online”** nan App Store oswa sou Google Play.

2. KREYE KONT OU AN

Lè ou fin telechaje aplikasyon an, chwazi **“Sign Up”**.

3. METE ENFÒMASYON DEBAZ POU PRAN KONTAK

Mete yon non ak siyati, dat nesans, sèks, adrès imèl, modpas, nimewo telefòn, epi aksepte tèm ak kondisyon yo.

YON TI KONSÈY: SA KÒD QR YO YE AK FASON POU UTILIZE YO

Kòd QR yo se yon kòdba ki pèmèt esmatfòn ak tablèt ou yo rekonèt epi dekòde chema a pou ka ouvri yon lyen oswa yon aplikasyon. Ou kapab itilize kòd ki anèl yo pou w telechaje aplikasyon avantaj ki itil yo! Pou w fè sa, annik suiv twa (3) etap senp sa yo:

1. Ouvri kamera telefòn ou an, tape ikòn aplikasyon kamera a
2. Pwente kamera a sou kòd QR la, telefòn ou an ta dwe fikse sou kòd QR la apre yon ti moman
3. Ouvri kontni kòd QR la, tape notifikasyon ki parèt sou ekran an pou w telechaje aplikasyon an



AVANTAJ ANPLIS



RULA

Rula se yon platfòm anliy ki mete moun an kontak avèk terapet ki gen lisans. Li rann li fasil pou yo jwenn bonjan swen sante mantal an sekre. Kit ou ap chèche sipò pou pwoblèm pèsònèl, pwoblèm fanmi, kit ou jis vle bay byennèt mantal jeneral ou priorite, Rula se yon bon resous pou w itilize. Ou kapab rankontre avèk terapet ou prefere a nan sèlman de (2) jou. Epitou, Rula ap verifike konbyen kòb ou ap peye anvan ou fè premye seyans ou an.


Kòmanse jodi a lè w ale sou rula.com/bootbarn oswa rele nan (323) 205-7088.



HINGE HEALTH

Si ou genyen doulè nan misk ak nan jwenti, pafwa li kapab difisil pou w deplase. Hinge Health kapab ede w jwenn yon plan egzèsis fizik ki pèsonalize, fizyoterapet ki sètifye yo kreye, pou ede w jere doulè w la.

Epitou, yon kotch sante kapab ba ou sipò fas-a-fas. Li kapab antre an kontak avèk ou nan mesaj tèks, imèl, apèl telefòn, oswa tchat videyo. Gras ak aplikasyon Hinge Health la, ou kapab jwenn anpil egzèsis ou kapab fè lakay ou oswa nenpòt kote ki bon pou ou. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Hinge Health, tanpri ale sou hingehealth.com





MEDIKAL

PLAN MEDIKAL PPO OU YO

Ou menm ak moun ou genyen sou kont ou ki elijib yo kapab enskri nan plan medikal yo. Boot Barn ofri twa (3) plan pou kounye a:

- Plan Anthem PPO Classic

Plan Sante Ki Genyen Franchiz ki Wo (High Deductible Health Plan, HDHP)

- Plan Anthem PPO Platinum Saver – Plan sa a kalifye epi ou kapab mete li avèk yon Kont Epay Sante
- Plan Anthem PPO Smart Saver – Plan sa a kalifye epi ou kapab mete li avèk yon Kont Epay Sante

Klike oswa eskane kòd QR la pou wè yon videyo sou plan medikal yo ofri a

JWENN BON PWOFEYONÈL SWEN SANTE A

Li enpòtan pou w jwenn bon doktè a oswa bon espesyalis la. Anplis Defansè Manm yo, ou kapab itilize enstriksyon ki anba yo pou w ka jwenn bon swen ou bezwen an.

1. Pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a, ale sou sitwèb Collective Health la ki se join.collectivehealth.com/bootbarn
2. Klike sou lyen “**Find in-Network Doctors**” oswa kontakte ekip Defansè Manm lan nan **(855) 672-2692** oswa lè ou konekte nan Collective Health pou w voye yon Mesaj.

Pou w jwenn yon gid etap pa etap ki gen imaj, ale sou: bootbarnbenefits.com

Klike oswa eskane kòd QR la pou w aprann plis sou doktè ki nan rezo a ak doktè ki pa nan rezo a

ANTHEM PPO CLASSIC

PWEN KLE PLAN AN	ANNDAN REZO	DEYÒ REZO
ANÈ KANDANDÈ ANE DEDIKTIB ¹ Endividi / Endividi nan yon Fanmi / Fanmi	\$3,500 / \$3,500 / \$7,000	\$6,000 / \$6,000 / \$12,000
ANE KALANDRIYÈ MAKIMÒM OUT OF-POCKET¹ Endividi / Endividi nan yon Fanmi / Fanmi	\$7,000 / \$7,000 / \$14,000	\$10,000 / \$10,000 / \$20,000
SÈVIS PWOFEYONÈL		
Doktè Premye Swen (Primary Care Physician, PCP)	\$20 Kotizasyon	50% apre Franchiz
Telemedsin (LiveHealth Online)	Gratis	Pa Gen Pwoteksyon
Espesyalis	\$30 Kotizasyon	50% apre Franchiz
Egzamen pou Swen Prevanitif	100% Pwoteksyon (Pa gen franchiz)	50% apre Franchiz
Radyografi ak Tès San	20% apre Franchiz	Pa Gen Pwoteksyon
Dyagnostik ki Konplèks (IRM/Eskanè)	20% apre Franchiz (Nan Lopital)	Pa Gen Pwoteksyon
Dyagnostik ki Konplèks (IRM/Eskanè)	10% apre Franchiz (Etablisman Endepandan)	Pa Gen Pwoteksyon
Chiwopraktè	\$30 Kotizasyon (30 vizit maksimòm)	50% apre Franchiz (30 vizit maksimòm)
Dyagnostik ak Tretman Esterilite	\$2,000 Medik al / \$2,000 Avantaj pou Medikaman Preskripsyon	Pa Gen Pwoteksyon
SÈVIS NAN LOPITAL		
Pasyan ki Entène	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
Operasyon Pasyan ki pa Entène	20% apre Franchiz (Nan Lopital)	50% apre Franchiz
Operasyon Pasyan ki pa Entène	10% apre Franchiz (Etablisman Endepandan)	50% apre Franchiz
Sal Ijans	\$300 Kotizasyon + 20% apre Franchiz (Kotizasyon an anile si l entène)	
Swen Ijan	\$50 Kotizasyon Franchiz Anile	50% apre Franchiz
MEDIKAMAN PRESKRIPSYON		
Medikaman Preskripsyon Yo Vann an Detay (Apwovizyonman pou 31 Jou) Nivo 1 Nivo 2 Nivo 3 Nivo 4	\$20 Kotizasyon / 0\$ Costco \$50 Kotizasyon \$100 Kotizasyon 25% (\$350 Maksimòm)	Pa Gen Pwoteksyon Pa Gen Pwoteksyon Pa Gen Pwoteksyon Pa Gen Pwoteksyon
TARIF MEDIKAL POU PERYÒD PEYE (52)		
Patnè Sèlman		\$62.18
Patnè ak Mari/Madanm		\$177.08
Patnè ak Timoun nan (yo)		\$121.47
Patnè ak Fanmi		\$205.58

1) Renouvèlman yo kòmanse 1ye janvyè 2027

ANTHEM PPO PLATINUM SAVER

PWEN KLE PLAN AN	ANNDAN REZO	DEYÒ REZO
ANÈ KANDANDÈ ANE DEDIKTIB ¹ Endividi / Endividi nan yon Fanmi / Fanmi	\$1,700/ \$3,400 / \$3,400	\$3,400 / \$6,800 / \$6,800
ANE KALANDRIYÈ MAKIMÒM OUT OF-POCKET¹ Endividi / Endividi nan yon Fanmi / Fanmi	\$3,500 / \$3,500 / \$7,000	\$7,000 / \$7,000 / \$14,000
SÈVIS PWOFESYONÈL		
Doktè Premye Swen (Primary Care Physician, PCP)	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
Telemedsin (LiveHealth Online)	Gratis	Pa Gen Pwoteksyon
Espesyalis	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
Egzamen pou Swen Prevanatif	100% Pwoteksyon (Pa gen franchiz)	50% apre Franchiz
Radyografi ak Tès San	20% apre Franchiz	Pa Gen Pwoteksyon
Dyagnostik ki Konplèks (IRM/Eskanè)	20% apre Franchiz (Nan Lopital)	Pa Gen Pwoteksyon
Dyagnostik ki Konplèks (IRM/Eskanè)	10% apre Franchiz (Etablisman Endepandan)	Pa Gen Pwoteksyon
Chiwopraktè	20% apre Franchiz (30 vizit maksimòm)	50% apre Franchiz (30 vizit maksimòm)
Dyagnostik ak Tretman Esterilite	\$2,000 Medikal / \$2,000 Avantaj pou Medikaman Preskripsyon	Pa Gen Pwoteksyon
SÈVIS NAN LOPITAL		
Pasyan ki Entène	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
Operasyon Pasyan ki pa Entène	20% apre Franchiz (Nan Lopital)	50% apre Franchiz
Operasyon Pasyan ki pa Entène	10% apre Franchiz (Etablisman Endepandan)	50% apre Franchiz
Sal Ijans	20% apre Franchiz	
Swen Ijan	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
MEDIKAMAN PRESKRIPSYON		
Medikaman Preskripsyon Yo Vann an Detay (Apwovizyonman pou 31 Jou)		
Nivo 1	\$10 Kotizasyon / 0\$ Costco \$25 Kotizasyon \$40 Kotizasyon 20%	Pa Gen Pwoteksyon
Nivo 2		Pa Gen Pwoteksyon
Nivo 3		Pa Gen Pwoteksyon
Nivo 4		Pa Gen Pwoteksyon
Franchiz Medikal la Aplikab		
TARIF MEDIKAL POU PERYÒD PEYE (52)		
Patnè Sèlman		\$39.19
Patnè ak Mari/Madanm		\$139.27
Patnè ak Timoun nan (yo)		\$95.98
Patnè ak Fanmi		\$177.39

1) Renouvèlman yo kòmanse 1ye janvyè 2027

ANTHEM PPO SMART SAVER

PWEN KLE PLAN AN	ANNDAN REZO	DEYÒ REZO
ANÈ KANDANDÈ ANE DEDIKTIB ¹ Endividi / Endividi nan yon Fanmi / Fanmi	\$3,300 / \$3,300 / \$6,600	\$6,600 / \$6,600 / \$13,200
ANE KALANDRIYÈ MAKIMÒM OUT OF-POCKET¹ Endividi / Endividi nan yon Fanmi / Fanmi	\$8,000 / \$8,000 / \$16,000	\$16,000 / \$16,000 / \$32,000
SÈVIS PWOFESEYONÈL		
Doktè Premye Swen (Primary Care Physician, PCP)	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
Telemedsin (LiveHealth Online)	Gratis	Pa Gen Pwoteksyon
Espesyalis	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
Egzamen pou Swen Prevantif	100% Pwoteksyon (Pa gen franchiz)	50% apre Franchiz
Radyografi ak Tès San	20% apre Franchiz	Pa Gen Pwoteksyon
Dyagnostik ki Konplèks (IRM/Eskanè)	20% apre Franchiz (Nan Lopital)	Pa Gen Pwoteksyon
Dyagnostik ki Konplèks (IRM/Eskanè)	10% apre Franchiz (Etablisman Endepandan)	Pa Gen Pwoteksyon
Chiwopraktè	20% apre Franchiz (30 vizit maksimòm)	50% apre Franchiz (30 vizit maksimòm)
Dyagnostik ak Tretman Esterilite	\$2,000 Medikal / \$2,000 Avantaj pou Medikaman Preskripsyon	Pa Gen Pwoteksyon
SÈVIS NAN LOPITAL		
Pasyan ki Entène	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
Operasyon Pasyan ki pa Entène	20% apre Franchiz (Nan Lopital)	50% apre Franchiz
Operasyon Pasyan ki pa Entène	10% apre Franchiz (Etablisman Endepandan)	50% apre Franchiz
Sal Ijans	20% apre Franchiz	
Swen Ijan	20% apre Franchiz	50% apre Franchiz
MEDIKAMAN PRESKRIPSYON		
Medikaman Preskripsyon Yo Vann an Detay (Apwovizyonman pou 31 Jou) Nivo 1 Nivo 2 Nivo 3 Nivo 4	\$10 Kotizasyon / 0\$ Costco \$25 Kotizasyon \$40 Kotizasyon 20%	Pa Gen Pwoteksyon Pa Gen Pwoteksyon Pa Gen Pwoteksyon Pa Gen Pwoteksyon
Franchiz Medikal la Aplikab		
TARIF MEDIKAL POU PERYÒD PEYE (52)		
Patnè Sèlman	\$31.03	
Patnè ak Mari/Madanm	\$118.62	
Patnè ak Timoun nan (yo)	\$79.51	
Patnè ak Fanmi	\$151.27	

1) Renouvèlman yo kòmanse 1ye janvyè 2027

KONT EPAY SANTE (HSA)

PLAN MEDIKAL PPO OU YO

Yon Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA) se yon kont epay pèsònèl ki la pou w peye frè swen sante ou. Se yon mwayen pou sere lajan kounye a pou depans ou pral fè pou sante ou pi devan. Lè ou enskri nan Plan Anthem PPO Smart Saver a oswa nan Plan Anthem PPO Platinum Saver a, ou ap genyen yon Kont Epay Sante (HSA).

KISA AVANTAJ YO YE?


Kont epay la se pou ou. Kòb ki sou kont HSA a ap rete nan men ou, menm si ou chanje djòb. Si w pa gen pwoteksyon ankò anba yon plan HSA ki kalifye, kont ou an ap rete aktif epi ou ap kapab itilize kòb ki rete a pou depans IRS apwouve yo.

- **Prim chak mwa ki pa twò wo** - pèmèt ou mete diferans frè a sou kont epay ou pou w konsève.
- **Avantaj Trip Taks** - Yo pa retire taks nan kòb ki ale sou kont HSA a, pa gen taks sou benefis ki fèt sou investisman epi yo retire kòb ki depanse pou peye frè medikal ki kalifye yo san taks. Taks Eta a pliye anba lwa Eta a.¹
- **Li fè pitit** - Si ou kite yon montan \$2,000, yo ka investi kòb anplis la nan fon mityèl ki pral ba ou yon revni san taks.
- **Planifikasyon pou demen** - Jiskaske ou gen 65 lane, ou p ap peye taks sou retrè yo si w itilize yo pou fè depans ki elijib. Lè ou fin gen 65 lane, oswa si w vin gen andikap, kont HSA w la ap vin menm jan ak yon kont IRA nòmal. Ou ap peye taks sou retrè ou fè pou depans ki pa elijib yo nan to nòmal pou taks sou revni, men ou p ap peye lòt sòm lajan.¹
- **Ou kapab bay yon benefisyè kòb la oswa ou kapab kite li pou eritaj ou.**¹

1) Tanpri al wè konseye fiskal ou pou w konnen lwa fiskal ki an vigè nan Eta kote ou ye a.

ENFÒMASYON POU W KONNEN SOU KONT EPAY SANTE W LA

- Se ou menm ki mèt HSA ou an.
- Yo re-investi kòb ou a chak ane
- Se ou menm ki chwazi kantite ou vle kontribye (gen limit)
- Yo mete li avèk yon plan sante ki genyen franchiz ki wo
- Ou benefisye yon avantaj trip taks



KONT DEPANS FLEKSIB (FSA)

Yon kont depans fleksib se yon kont espesyal ki pèmèt ou itilize kòb anvan taks la pou peye frè swen sante ki elijib ak swen moun ki sou kont ou yo. Genyen diferan kalite FSA ki pèmèt ou redui revni taksab ou a lè ou peye frè ki elijib pou tèt ou, mari oswa madanm ou, ak nenpòt moun ki sou kont ou ki elijib, jan sa defini pi ba a:

FSA POU SWEN SANTE

- Ou kapab itilize kòb la pou frè swen sante ki elijib asirans medikal, asirans swen dan, asirans swen je ou an pa garanti
- Montan maksimòm pou bay soti 1ye janvyè rive jiska 31 desanm 2027 se \$3,500*
- Remak – Ane plan an se soti 1ye janvyè pou rive 31 desanm
- * Montan sa a ka chanje akòz anons IRS.

Klike oswa eskane kòd QR la pou wè yon videyo sou FSA swen sante a

FSA POU SWEN MOUN KI SOU KONT MOUN

- Ou kapab itilize li pou w peye frè gadri pou timoun ki gen jiska 13 lane ak/oswa pou pran swen yon fanmi ki gen andikap nan kay la epi ki pa kapab pran swen tèt li
- Montan maksimòm pou bay soti 1ye janvyè rive jiska 31 desanm 2027 se \$7,500

Klike oswa eskane kòd QR la pou wè yon videyo sou FSA pou swen moun ki sou kont ou

KONT DEPANS POU DEPLASMAN

- Ou kapab itilize li pou w peye abònman transpò piblik ki kalifye, aktivite pran machin pou deplase an gwoup, transpò nan minibis, ak frè pakin ki kalifye.
- Montan maksimòm pou bay pou pakin pou ane 2027 la se \$350 pa mwa.
- Montan maksimòm pou bay pou transpò piblik pou ane 2027 la se \$350 pa mwa.
- Yo p ap remèt kòb. Ou dwe itilize kat debi FSA a pou tout peman pakin ak transpò piblik.

KISA AVANTAJ YO YE?

- Revni yo pran taks sou li a redui epi revni pou depans a ogmante
- Ekonomize lajan pandan ou menm ak fanmi ou ap rete an sante

KIJAN POU MWEN ITILIZE LI?

Pou w itilize kont Swen Sante FSA w la:

- Ou kapab itilize kat debi Flex Facts ba w la nan moman w ap peye yon frè ki elijib epi yo ap pran montan an sou kont FSA w la dirèkteman
- Epitou, ou kapab bay Flex Facts yon prèv ki montre ou fè yon depans ki elijib sou sitwèb la flexfacts.wealthcareportal.com/page/home

Pou w itilize kont Swen FSA a pou Moun ki sou Kont ou:

- Ou ap peye frè pou swen yon moun ki sou kont ou ki elijib ak kòb nan pòch ou epi ou ap bay Flex Facts yon prèv sou sitwèb la flexfacts.wealthcareportal.com/page/home

Men kèk règ ou dwe konnen:

- Ane plan FSA pou 2026 la ap fini nan dat 12/31/2026. Apresa, ou ap gen de (2) mwa edmi ankò pou w montre depans ou fè sou FSA pou swen sante w la. Ou ap kapab reporte \$680 pou ane plan 2027 la.
- Ane plan FSA 2027 lan ap kòmanse 1ye janvyè 2027. Ap gen yon enskripsyon lib apa pou plan FSA a nan mwa novanm 2026.
- Fòk ou enskri nan pwogram FSA a nan espas 30 jou apre dat rekritman w lan oswa pandan peryòd enskripsyon lib la. Lè sa a, ou ap fikse montan ou vle bay chak ane a nan limit maksimòm nan.
- Depi ou fin enskri, ou ap gen aksè anliy sou flexfacts.wealthcareportal.com/page/home pou w ka wè kòb ki rete sou FSA ou, verifye yon ranbousman, elatriye.

Kontakte Ekip Depatman Avantaj la si w genyen nenpòt kesyon ki konsène enskripsyon FSA yo.



SWEN DAN

PLAN SWEN DAN PPO OU AN

Ou menm ak moun ou genyen sou kont ou ki elijib yo kapab enskri nan plan Swen Dan Òganizasyon Founisè Prefere (Preferred Provider Organization, PPO) Delta Dental ofri a. Nou ankouraje ou egzamine detay sou pwoteksyon an epi chwazi opsyon ki pi byen reponn ak bezwen ou yo.

Klike oswa eskane kòd QR la pou wè yon videyo sou asirans dantè

ITILIZE PLAN AN

Plan Swen Dan PPO yo pèmèt ou al kay yon dantis ou chwazi ki gen lisans pou pran swen dan ou. Pa bliye, ou ap resevwa nivo avantaj ki pi wo a nan plan an lè ou chwazi yon dantis PPO ki nan rezo a pa rapò ak yon dantis ki pa nan rezo a epi ki pa dakò pou li bay sèvis nan tarif nou negosye a. Mete sou sa, ou pa bezwen ranpli fòm reklamasyon lè w itilize dantis PPO ki nan rezo a.

YON TI KONSÈY: JWENN YON DANTIS

Plan Swen Dan PPO a pèmèt ou al kay yon dantis ou chwazi ki gen lisans pou pran swen dan ou. Pa bliye, ou ap resevwa nivo avantaj ki pi wo a nan plan an lè ou chwazi yon dantis PPO ki nan rezo a pa rapò ak yon dantis ki pa nan rezo a epi ki pa dakò pou li bay sèvis nan tarif nou negosye a. Mete sou sa, ou pa bezwen ranpli fòm reklamasyon lè w itilize dantis PPO ki nan rezo a. Pou w konnen si dantis ou a fè pati rezo asirans ou an oswa si li pa fè pati li, itilize aplikasyon mobil Collective Health la oswa rele Delta Dental nan **(800) 765-6003**.

DELTA DENTAL HIGH PPO

DELTA DENTAL LOW PPO

PWEN KLE PLAN AN	ANNDAN REZO	DEYÒ REZO	ANNDAN REZO	DEYÒ REZO
FRANCHIZ POU YON ANE CIVIL Endividi / Fanmi	\$50 / \$150	\$50 / \$150	\$50 / \$150	\$50 / \$150
Calendar Year Maximum	\$2,000 pou chak manm		\$1,500 pou chak manm	
PREVENTIVE				
Office Visit	Pa Gen Kotizasyon		Pa Gen Kotizasyon	
Cleanings / X-ray	Pa Gen Kotizasyon		Pa Gen Kotizasyon	
BASIC				
Amalgam Fillings	90% Pwoteksyon	90% Pwoteksyon	90% Pwoteksyon	90% Pwoteksyon
MAJOR				
Crowns (porcelain fused to noble metal)	60% Pwoteksyon	60% Pwoteksyon	60% Pwoteksyon	60% Pwoteksyon
Dentures	60% Pwoteksyon	60% Pwoteksyon	60% Pwoteksyon	60% Pwoteksyon
ORTHODONTIA				
Adult	50% Kouvri \$2,000 Life Max	50% Kouvri \$2,000 Life Max	50% Kouvri \$1,500 Life Max	50% Kouvri \$1,500 Life Max
Child	50% Kouvri \$2,000 Life Max	50% Kouvri \$2,000 Life Max	50% Kouvri \$1,500 Life Max	50% Kouvri \$1,500 Life Max
TARIFS DAN YON PERYÒD PEYE (52)				
Patnè Sèlman	\$6.22		\$4.40	
Patnè ak Mari/Madanm	\$16.74		\$11.82	
Patnè ak Timoun nan (yo)	\$15.38		\$10.86	
Patnè ak Fanmi	\$25.40		\$17.93	



PLAN SWEN JE OU

Se EyeMed antanke yon plan Òganizasyon Founisè Prefere (Preferred Provider Organization, PPO) ki ofri pwoteksyon pou swen je a.

Klike oswa eskane kòd QR la pou wè yon videyo sou asirans vizyon

ITILIZASYON PLAN AN

Menm jan ak yon PPO tradisyonèl, ou ka benefisye pi wo nivo avantaj la lè w resevwa sèvis nan men founisè sèvis swen je oswa doktè je ki nan rezo a. Ou ap peye yon kotizasyon nan moman yo ap ba ou sèvis la. Men, si ou resevwa sèvis nan men yon doktè ki pa nan rezo a, ou ap peye tout frè yo nan moman w ap pran sèvis la. Apresa, ou ap mande yon ranbousman rive jiska yon montan yo otorize.

EYEMED VISION PPO

PWEN KLE PLAN AN	ANNDAN REZO	DEYÒ REZO
EGZAMEN - Chak 12 Mwa	\$20 Kotizasyon	Jiska \$30
VÈ - Chak 12 Mwa Yon fwaye De (2) fwaye Twa (3) fwaye	Pa Gen Kotizasyon Pa Gen Kotizasyon Pa Gen Kotizasyon	Jiska \$25 Jiska \$40 Jiska \$63
MONTI - Chak 12 Mwa	Jiska \$160 alokasyon, 20% rabè sou montan ki depase \$160 Jiska 40% rabè sou nenpòt lòt linèt	Jiska \$80
VÈ KONTAK - Chak 12 Mwa Si l nesèsè pou lasante (Nan plas lantiy ak monti)	Jiska \$160 alokasyon, 15% rabè sou montan ki depase \$160	Jiska \$128
EYE360 Sèvis atravè yon founisè Plus Network	\$0 Egzamen plis \$50 anplis pou monti, sa ki bay \$210	Pa Aplikab
TO VIZYON POU PA PERYÒD PEYE (52)		
Patnè Sèlman		\$1.47
Patnè ak Mari/Madanm		\$2.49
Patnè ak Timoun nan (yo)		\$2.64
Patnè ak Fanmi		\$3.96

AVANTAJ KONPAYI BAY

ASIRANS VI DEBAZ AK LANMÒ PA AKSIDAN AK DEMANBREMAN KONPAYI BAY

Sizoka ou ta mouri, asirans vi ap bay fanmi ou oswa lòt benefisyè yo pwoteksyon ak sekirite finansye. Mete sou sa, si se nan yon aksidan ou mouri oswa si w pèdi yon pye oswa yon men, pwoteksyon Asirans Lanmò pa Aksidan ak Demanbreman (Accidental Death & Dismemberment, AD&D) ka aplikab. Boot Barn bay asirans Vi Debaz ak AD&D atravè Reliance Matrix. Tout patnè ki travay a tan plen pandan 30 èdtan oswa plis pa semèn resevwa montan avantaj la ki se \$25,000. Pa bliye, avantaj yo ap redui lè w rive nan laj 70 lane.

PLAN POU ANDIKAP AKOUTÈM (STD) AK ANDIKAP ALONTÈM (LTD) KONPAYI BAY

Si ou tonbe malad oswa ou pran yon chòk ki pa gen rapò ak travay, pwoteksyon pou andikap la ap ede ou ranplase revni ou pèdi a pou w ka kontinye peye bagay enpòtan yo epi genyen yon lajan k ap antre nan men ou. Yo ka baze sou lefètke ou pa kapab egzèsè metye ou oswa nenpòt metye pou yo wè si w elijib pou avantaj yo.

- Plan pou Andikap Akoutèm (Short Term Disability, STD) konpayi parene - Boot Barn ofri yon plan STD atravè Reliance Matrix pou li ba w 66.67% nan revni chak semèn ou an. Plan an kòmanse peye avantaj sa yo nan moman andikap la apre w fin pase sèt (7) jou youn dèyè lòt ou pa al travay. Plan sa a ka kowòdone avèk Eta ki ofri pwogram revni pou moun ki gen andikap yo.
- Plan pou Andikap Alontèm (Long Term Disability, LTD) konpayi parene - Boot Barn ofri yon plan LTD atravè Reliance Matrix. Si andikap ou a dire plis pase 90 jou, pwoteksyon LTD a kapab ranplase 60% nan revni ou, men li p ap depase \$6,000 pa mwa. Ou ap kontinye resevwa avantaj ou yo toutotan yo konsidere ou tankou yon moun ki gen andikap.

Kontakte Ekip Avantaj ou a nan benefits@bootbarn.com pou w konnen si w elijib epi pou w jwenn plis enfòmasyon.

OBLIGATWA! ÈSKE BENEFISYÈ OU YO AJOU?

Benefisyè yo se moun oswa antite ou chwazi ki pou benefisye avantaj kontra asirans ou an.

- Ou kapab chanje benefisyè ou chwazi a nenpòt lè
- Ou ka chwazi yon sèl benefisyè oswa plizyè benefisyè ki pou resevwa lajan an, epi ou ka deside ki pousantaj chak benefisyè ap jwenn
- Pou w chwazi oswa chanje benefisyè w la, konekte nan ADP oswa kontakte Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498**





ASIRANS VI AK ASIRANS ANDIKAP

ASIRANS VI TANPORÈ VOLONTÈ AK ASIRANS LANMÒ PA AKSIDAN AK DEMANBREMAN

Asirans Vi Tanporè Volontè ak asirans Lanmò pa Aksidan ak Demanbreman an disponib pou patnè ki vle achte plis asirans vi yo.

Patnè	Ogmantasyon \$10,000 rive nan yon montan maksimòm ki se \$250,000 oswa senk (5) fwa revni anyèl debaz ou a, nenpòt montan ki pi piti a
Mari/Madanm	Ogmantasyon \$5,000 rive nan yon montan maksimòm ki se \$125,000, men ki pa dwe depase 50% nan montan pwoteksyon patnè a
Timoun nan (yo)	Ogmantasyon \$5,000 rive nan yon montan maksimòm ki se \$25,000, men ki pa dwe depase 50% nan montan pwoteksyon patnè a

PA BLIYE: Yo ka egzije ou bay Prèv Asirablite (Evidence of Insurability, EOI) anvan yo apwouve ou. Fòk patnè a chwazi pwoteksyon anvan mari/madanm li ak pitit li a (yo) chwazi!

Klike oswa eskane kòd QR la pou aprann plis bagay sou Prèv Asirans (EOI)

PLAN POU ANDIKAP AKOUTÈM VOLONTÈ (STD)

Pwoteksyon pou andikap la ap ede ou ranplase revni ou pèdi a pou w ka kontinye peye bagay enpòtan yo epi genyen yon lajan k ap antre nan men ou si ou tonbe malad oswa ou pran yon chòk ki pa gen rapò ak travay. Ou kapab achte plis pwoteksyon pou Andikap Akoutèm (Short Term Disability, STD) atravè Reliance Matrix. Plan sa a varye selon laj ak salè patnè a. Tanpri al gade nan ADP pou w konnen tarif espesifik pa w la.

ASIRANS ANDIKAP ETA

- Eta kote ou ap viv la ka pwopoze yon plan asirans andikap ki pèmèt ou ranplase yon pati nan revni ou si w pa kapab travay
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram andikap ki legal yo, kontakte Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498**

PWOTEKSYON VOLONTÈ

PWOTEKSYON POU MALADI GRAV

Si ou gen pwoteksyon pou Maladi Grav atravè Reliance Matrix, yo ap peye ou yon montan total si yo jwenn ou genyen yon maladi oswa pwoblèm sante ki garanti. Yo ap peye ou tout avantaj yo dirèkteman epi ou ka itilize kòb la jan ou vle.

Klike oswa eskane kòd QR la pou aprann plis bagay sou asirans maladi grav

KI EGZANP KI GENYEN POU MALADI OSWA PWOBLEM SANTE KI GARANTI?

- Kriz kadyak
- Gwo ògàn ki pa bon
- Timè nan sèvo ki pa grav
- Avègleman
- Ensifizans renal ki nan faz tèminal
- Operasyon pou devye atè nan kè; li peye 25% nan montan total la

MEN YON EGZANP FASON ASIRANS POU MALADI GRAV LA KAPAB KORE OU

Denise gen 45 lane. Li te fè yon kriz kadyak. Li pa t ale travay pandan kèk mwa pou li te ka reprann li. Byenke li te genyen asirans pou andikap, asirans lan pa t peye tout depans li te fè yo ak frè medikal li yo.

Erezman pou Denise, li te genyen yon kontra asirans \$10,000 pou Maladi Grav. Li te fè reklamasyon li epi li te resevwa avantaj lajan kach li an pou l te ka peye fakti ak frè medikal li yo. Lespri Denise te anpè gras ak kontra asirans pou Maladi Grav li te genyen an, epi li te an mezi pou li konsantre l sou amelyorasyon sante li.

OU VLE JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Si w ap konsidere kalite pwoteksyon sa a, ou dwe enskri lè w fenk vin elijib oswa pandan peryòd enskripsyon lib chak ane a. Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w genyen yon lis avantaj ki konplè, kontakte Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498**.



PWOTEKSYON VOLONTÈ

PWOTEKSYON POU DEDOMAJMAN LOPITAL

Kit se yon bagay ou te prevwa kit se yon bagay ou pa t prevwa, zafè ale lopital la kapab bay anpil estrès, sitou si prensipal asirans maladi w la pa peye majorite nan frè ou yo. Reliance Matrix pwopoze yon asirans lopital volontè ki pèmèt ou menm oswa fanmi ou genyen lajan kach an men w pou peye frè medikal yo ak frè ki pa frè medikal yo lè ou entène lopital.

KIJAN ASIRANS LOPITAL KAPAB ITIL OU?

Ou kapab itilize avantaj lajan kach la pou w peye sèvis oswa frè plan medikal ou a pa peye yo. Piske se ou yo peye avantaj yo dirèkteman, se ou menm ki chwazi fason pou w depanse kòb la.

Klike oswa eskane kòd QR la pou aprann plis bagay sou asirans endemnite lopital la

POUSANTAJ CHAK SEMÈN

Patnè Sèlman	\$3.80
Patnè ak Mari/Madanm	\$5.57
Patnè ak Timoun nan (yo)	\$6.70
Patnè ak Fanmi	\$8.39

OU VLE JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU PWOTEKSYON POU DEDOMAJMAN LOPITAL AK AKSIDAN?

Si w ap konsidere kalite pwoteksyon sa a, ou dwe enskri lè w fenk vin elijib oswa pandan peryòd enskripsyon lib chak ane a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w genyen yon lis avantaj ki konplè, kontakte Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498**.

PWOTEKSYON POU AKSIDAN

Reliance Matrix pwopoze yon asirans aksidan volontè ki pèmèt ou peye pou kèk chòk ak tretman espesifik si w viktim yon aksidan plan li an garanti. Montan avantaj yo peye w la depann de kalite chòk ou pran an ak kalite swen ou resevwa a.

Klike oswa eskane kòd QR la pou aprann plis bagay sou asirans aksidan

KIJAN ASIRANS AKSIDAN KAPAB ITIL OU?

Piske se ou menm yo peye avantaj yo dirèkteman, se ou menm ki chwazi fason pou w depanse kòb la. Ou kapab itilize kòb la pou w peye frè medikal, konpanse yon pèt revni, oswa jere depans chak jou yo.

PWOTEKSYON VOLONTÈ

IDANTIFIKASYON LIFELOCK

Jounen jodi a, lè n ap achte sou entènèt, nou itilize Wi-Fi epi nou bay nimewo Sekirite Sosyal nou. Lè nou fè sa, nou kapab mete enfòmasyon pèsonèl nou yo an danje. Si yon moun vòlè idantite ou, LifeLock kapab ede w rezoud pwoblèm nan. Kontakte Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498** pou w jwenn plis enfòmasyon.

Lè LifeLock detekte yon menas, men kijan li avèti manm yo:

- Nan telefòn
- Nan mesaj tèks
- Nan imèl

OPSYON PLAN CHAK SEMÈN	AVANTAJ LIFELOCK
Patnè Sèlman (18 lane e plis)	\$1.96
Patnè ak Fanmi	\$3.92

PWOGAM CANCER GUARDIAN

Lè ou fè plizyè ti dediksyon regilye sou salè w, ou kapab enskri nan pwogram Cancer Guardian nan pou pèmèt ou evite ak lite kont kansè pi byen. Cancer Guardian rezoud twa (3) pwoblèm: li sansibilize moun sou zafè kansè, li fasilite yo jwenn sèvis ki gen rapò ak kansè epi li rann sèvis sa yo pi abòdab. Konsa, li kontribye nan amelyore zafè prevansyon kansè a epi li ogmante kantite sivivan yo. Verifye si w elijib epi gade pri pwogram nan koute atravè pòtay enskripsyon anliy lan, ki se ADP. Kontakte Ekip Avantaj ou a nan (949) 453-4498 pou w jwenn plis enfòmasyon.

Men ki avantaj ak karakteristik pwogram nan genyen ladan l:

- Tès ADN Avanse
- Espesyalis ki Kore Moun ki Gen Kansè
- Platfòm Dosye Medikal

POUSANTAJ CHAK SEMÈN	
Patnè Sèlman	\$3.69
Patnè ak Mari/Madanm	\$7.38
Patnè ak Timoun nan (yo)	\$3.69
Patnè ak Fanmi	\$7.38



PWOTEKSYON VOLONTÈ

ASIRANS LEGAL

Asirans legal ARAG la ba ou pwoteksyon ou bezwen pou bon moman nan lavi a, epi pou ede ou nan difikilte lavi yo. Avèk frè avoka rezo a ki peye 100% nèt pou pifò ka ki kouvri yo, ou ka santi w an konfyans lè w ap rezoud pwoblèm legal ou a.

- Travay avèk yon avoka nan rezo a epi frè avoka yo peye 100% pou pifò ka legal ki kouvri yo.
- An mwayèn, ekonomize plizyè milye dola pou ka legal lè w evite frè legal ki koute chè.
- Nou ede w konekte avèk avoka lokal yo - anpil ladan yo gen an mwayèn plis pase 20 ane eksperyans.
- Adrese sitiyasyon legal ou yo ki kouvri yo avèk yon avoka nan rezo a ki sèlman yon apèl telefòn pou èd ak reprezantasyon legal.
- Sèvi ak Dokiman Brikoleur pou kreye yon varyete dokiman legalman valab tankou yon testaman oswa yon pouvwa avoka, ki gen ladan modèl espesifik pou eta a.

KISA ASIRANS LEGAL LA KOUVRI?

- Testaman ak planifikasyon siksesyon
- Byen imobilye ak pwopriyete kay
- Kontravansyon trafik ak sispansyon lisans
- Konflikt ak yon pwopriyete
- Zafè dwa fanmi
- Tribinal pou ti reklamasyon
- Fwòd konsomatè
- Konflikt pwopriyete pèsònèl
- Koleksyon dèt
- Fayit
- Odit taks
- Divòs
- Gad ak sipò timoun
- Zafè kriminel
- Sèvis pou paran/granparan
- Epi plis ankò!


KONBYEN LI KOUTE?

CHAK SEMÈN

\$4.34

OU VLE PLIS ENFÒMASYON?

Pou jwenn enfòmasyon detaye sou plan an, vizite [ARAGlegal.com/plans](https://araglegal.com/plans) epi antre Kòd Aksè: **19271bb** oubyen rele **(800) 247-4184**.



ASIRANS POU BÈT KAY

OU GEN YON ZANMI KI GEN POU FOU?

Pou anpil nan nou, bèt kay nou yo espesyal epi yo renmen nou menm jan ak manm fanmi nou yo. Se poutèt sa li enpòtan pou nou pwoteje sante yo tou!

ASIRANS SANTE POU BÈT KAY ASPCA

Asirans Sante pou Bèt Kay ASPCA a ofri yon asirans tradisyonèl pou bèt kay epi li ka ede ranbouse ou pou depans veterinè bèt kay ki kouvri.

JWENN ASIRANS BYENNÈT ROUTIN

Ede kenbe bèt kay ou an sekirite epi an sante ak swen prevantif tankou radyografi ak ultrason.

PARE PI BYEN POU SA KI PA ATANN

Yon ti peman chak mwa ka ede w prepare pou aksidan ak blesi pita.

EDE KOUVRI DEPANS KI PA PLANIFYE

Lè yon maladi rive, asirans bèt kay ka ede w ranbouse depans veterinè ki kouvri yo.

Anplis, w ap resevwa benefis sa yo:

- Ofri pwodwi fleksib ak pri gwoup rabè
- Enskripsyon rapid sou entènèt ak eksperyans reklamasyon san pwoblèm
- Opsyon sipò milti-chanèl

Pou jwenn yon quote oswa enskri, vizite

[ASPCApetinsurance.com/BootBarn](https://www.aspcapetinsurance.com/BootBarn)

oswa rele (877) 343-5314.

BEZWEN ASIRANS POU BÈT KAY POU CHEVAL OU A?

ASPCA ka ede w! Cheval ou a se konpayon w. Lè li rive sante yo, yo merite jwenn swen yo bezwen an. Plan asirans sante bèt kay ASPCA yo ka ede w ak sa kòm premye plan asirans ki fèt sèlman pou sante cheval ou a - pa gen asirans mòtalite ki nesèsè!

Konpayon pa gen pri, epi kantite lajan ou peye pou cheval ou a pa detèmine si yo kalifye pou enskripsyon. Avèk opsyon plan personnalizable nou yo, li fasil pou jwenn pwoteksyon ki apwopriye pou cheval ou a - ak lavi ou!

PWOTEKSYON POU KOLIK NAN CHAK PLAN

Kolik gen anpil kòz. Nou pa panse ou ta dwe oblije chwazi ki kalite kolik pou kouvri cheval ou a. Tou de plan cheval ki disponib yo gen pwoteksyon pou kolik ki koze pa aksidan oswa maladi, kidonk kèlkeswa sa ou chwazi a, pwoblèm kolik ou yo kouvri.

Asirans chwal disponib kounye a nan CA, CO, CT, IL, KY, NJ, PA, OH, OK, TX, VA, WI, ak WA.

Pou jwenn yon devis oubyen pou enskri, tanpri vizite:

[ASPCApetinsurance.com/horse/?prioritycode=EB22BootBarn](https://www.aspcapetinsurance.com/horse/?prioritycode=EB22BootBarn) oswa rele (877) 343-5314.

OPSYON RETRÈT

OPSYON PLAN 401(K) OU AN

Plan 401 (k) a, Fidelity Investment ap jere, pèmèt ou prepare demen ou lè ou investi yon pati nan salè ou chak lè w touche. Depi w elijib, ou ka chwazi fè yo kenbe yon pousantaj nan salè ou pou w investi nan kont 401(k) w la, nan respè lwa federal la ak règ plan an. Kontakte Ekip Avantaj ou a sou sitwèb benefits@bootbarn.com pou w konfime elijiblite ou ak dat enskripsyon yo.

ENSKRIPSYON AK AKSÈ NAN KONT

Pou w enskri nan plan 401(k) a, tanpri ale sou netbenefits.com pou w enskri anliy oswa kontakte Fidelity nan nimewo telefòn sa a **(800) 835-5097**. Espesyalis Fidelity Investment yo disponib lendi rive jiska vandredi, soti 8:30 nan maten rive 8:30 nan aswè (Lè Lès). Verifye kòb ki rete sou kont 401(k) ou an, gade montan ou bay yo, chanje investisman ou yo, elatriye, lè w ale sou netbenefits.com.

PATI PA ANPLWAYÈ A

Patnè Tan Plen ak Patnè Tan Pasyèl yo kapab kòmanse bay kontribisyon pou kont 401(k) pa yo a apre 30 jou travay. Patnè ki elijib yo kapab enskri nenpòt lè! Boot Barn ap vèse yon kontribisyon ki egal ak kontribisyon patnè li yo apre yo fin pase yon (1) lane nan konpayi a. Kontribisyon an se 100% pou premye 3% an epi 50% pou lòt 2% an.

ENFÒMASYON ANPLIS SOU 401(K)

LIMIT KONTRIBISYON

Pou 2026, limit kontribisyon anyèl IRS la se \$24,500 pou tout moun ki poko gen 50 an. Patnè ki gen laj 50 a 59 oswa 64 oswa plis ka kontribye yon lòt \$8,000. Patnè ki gen laj 60 a 63 an ka kontribiye yon \$11,250 adisyonèl, ke yo rekonèt kòm yon kontribisyon “super-ratrape”. Si ou te touche \$150,000 oswa plis an 2025, kontribisyon ratrapaj ou yo dwe fèt nan yon Roth 401k. Si ou gen plizyè anplwayè pandan ane a, limit sa yo konbine pou tout plan ou kontribye nan pandan ane a. Restriksyon yo ka aplike nan limit sa yo dapre dokiman plan yo ak egzijans tès anyèl yo.

CHANJMAN KONTRIBISYON

Kontakte Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498** pou w konnen chak ki lè ak fason pou w chanje kontribisyon ou yo. Epiou, ou ka sispann tout kontribisyon w ap bay yo nenpòt lè. Fòk ou mande Ekip Avantaj a pou w chanje oswa kanpe kontribisyon ou yo sou sitwèb founisè a oswa ekri yon lèt voye ba yo.

KONTRIBISYON ANPLWAYÈ A

Kontakte Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498** pou w konnen kontribisyon anplwayè yo fè nan plan an.

TRANSFÈ KONTRIBISYON

Si ou genyen yon lòt plan oswa kont retrèt ki kalifye tankou yon 401(k), 403(b), 457(b) oswa IRA, ou gendwa transfere kont sa a nan nouvo plan w lan. Tanpri kontakte Fidelity Investments oswa Ekip Avantaj ou a nan **(949) 453-4498** pou w jwenn plis enfòmasyon.



PWOGRAM ÈD POU ANPLWAYE (EAP)

Boot Barn konnen ou menm ak fanmi ou gendwa ap fè fas ak yon dividal pwoblèm pèsonèl oswa pwoblèm pwofesyonèl. Gras ak (Employee Assistance Program, EAP) a, ou kapab jwenn resous, enfòmasyon, ak konsèy an sekre epi gratis. Se yon avantaj konpayi a bay.

Klike oswa eskane kòd QR la pou aprann plis bagay sou Pwogram EAP la

SA KI NAN PWOGRAM NAN DETAY SOU PWOTEKSyon

Men ki Moun ki Kapab Itilize l:	- Tout patnè Boot Barn yo ak yon pwòch
Sijè yo Ka Gen Ladan yo:	- Gadri - Sèvis pou moun aje - Sèvis jiridik - Vòl idantite - Pwoblèm nan maryaj, nan relasyon oswa nan fanmi - Konsèy pou moun ki an dèy - Abi sibstans ak retablisman - Sipò lajan - Materyèl pedagogik
Kantite Seyans yo:	- San limit, nan telefòn oswa klinik - Evalyasyon ak referans - Jiska twa (3) seyan evalyasyon pwofesyonèl pou patnè yo ak fanmi yo - Referans san limit nan zafè gadri ak sèvis pou moun aje

MWAYEN KONTAK

Nan Telefòn: (855) 775-4357

Sou entènèt: rsli.acieap.com

Nan imèl: rsli@acieap.com

ANYÈ AK RESOUS

AVANTAJ	KONTAK	NIMEWO GWUP	SÈVIS POU MANM	SITWÈB / ADRÈS IMÈL
Enskripsyon ak Elijiblite	Ekip Depatman Avantaj la		(949) 453-4498	bootbarnbenefits.com benefits@bootbarn.com
Founisè Sèvis Enskripsyon Anliy	ADP			lyric.adp.com
Asirans Medikal	Collective Health	L06026	(855) 672-2692	join.collectivehealth.com/bootbarn
Swen Dan	Delta Dental	21864	(800) 765-6003	deltadentalins.com
Swen Je	EyeMed	9820994	(866) 939-3633	eyemed.com
Asirans Vi Debaz / Lanmò pa Aksidan ak Demanbreman epi Asirans Vi Volontè	Reliance Matrix	GL164597	(800) 351-7500	reliancematrix.com
Lòt Resous	Rula	Boot Barn	(323) 205-7088	rula.com/bootbarn
Lòt Resous	Hinge Health	Boot Barn	(855) 902-2777	hingehealth.com
Asirans Lanmò pa Aksidan ak Demanbreman Volontè	Reliance Matrix	VAR209745	(800) 351-7500	reliancematrix.com
Plan pou Andikap Akoutèm (STD)	Reliance Matrix	STD168858	(800) 351-7500	reliancematrix.com
Plan pou Andikap Alontèm (LTD)	Reliance Matrix	LTD133150	(800) 351-7500	reliancematrix.com
Pwogram Èd pou Anplwaye (EAP)	Reliance Matrix		(855) 775-4357	rsli.acieap.com / rsli@acieap.com
Asirans Aksidan	Reliance Matrix	VAI854783	(800) 866-2301	reliancematrix.com
Maladi Grav	Reliance Matrix	VCI854622	(800) 866-2301	reliancematrix.com
Dedomajman Lopital	Reliance Matrix	VHI851313	(800) 866-2301	reliancematrix.com
Pwogram Cancer Guardian	Genomic Life		(833) 248-2734	genomiclife.com
Pwoteksyon kont Vòl Idantite	LifeLock		(800) 866-2301	lifelock.com
Asirans Legal	ARAG		(800) 247-4184	ARAGlegal.com/plans
Asirans pou Bèt Kay	ASPCA Pet Insurance		(877) 343-5314	ASPCApetinsurance.com/BootBarn
Kont Depans Fleksib	Flex Facts		(877) 943-2287	flexfacts.wealthcareportal.com/page/home info@flexfacts.com
Kont Epay Sante	HealthEquity		(866) 346-5800	healthequity.com
401(k)	Fidelity Investment		(800) 835-5097	netbenefits.com

NON	KONTAK	NIMEWO TELEFÒN	ADRÈS IMÈL
Benefis Koutye Marsh & McLennan Insurance Agency LLC 1 Polaris Way, Suite 300 Aliso Viejo, CA 92656	Alexander Santiago	(949) 330-1087	Alexander.Santiago@MarshMMA.com
	John Knowles	(626) 268-8408	John.Knowles@MarshMMA.com
	Patty Sanders	(949) 540-6957	Patty.Sanders@MarshMMA.com
	David Nava	(949) 544-8479	David.Nava@MarshMMA.com